



5 Bagay Ou Bezwèn Konnen sou Lwa Diane B. Allen sou Egalite Peman an

- 1 An 2018, Gouvènè Phil Murphy siyen lwa ki rele Diane B. Allen Equal Pay Act (Lwa Diane B. Allen sou Egalite Peman) pou mete yon pwen final nan diskriminasyon nan peman poutèt ras yon moun, oswa paske li se gason oubyen fi, peyi kote li soti, idantite oswa prezantasyon kòm gason oubyen fi, laj, andikap, ak lòt karakteristik ki pwoteje nan New Jersey; sa fè li pouse pi lwen avèk pwoteksyon sou peman ki te deja la dapre Lwa New Jersey kont Diskriminasyon an.
- 2 Lwa sou Egalite Peman an (Equal Pay Act) defann anjenneral pou yon patwon peye yon anplwaye ki nan yon kategori pwoteje mwens pase salè li peye yon anplwaye ki pa nan kategori pwoteje a, pou fè "pratikman menm travay la." Travay la kapab konsidere pratikman menm lan, dapre sa li mande kòm konpetans, efò, ak responsablite.
- 3 Lwa sou Egalite Peman an kouvrir tout kalite peman, tankou salè, bonis, avantaj asirans maladi, ak kontribisyon nan plan retrèt. Konparezon tarif pou salè yo fèt sou tout aktivite ak tout kote anplwaye yo travay. Epitou, yon patwon pa gen dwa redwi nivo salè yon anplwaye pou rive satisfè Lwa sou Egalite Peman an.
- 4 Gen yon vyolasyon separate kont Lwa sou Egalite Peman an ki fèt, chak fwa yo peye ou yon lajan ki pa menm ak lòt anplwaye (kidonk, chak fwa ou resevwa yon peman ki pi ba, pou yon travay ki pratikman menm avèk travay yon lòt anplwaye). Si ou depoze yon plent devan Divizyon Dwa Sivik la (Division on Civil Rights), yo pral konsidere ou depoze li alè si ou fè sa anvan 180 jou pase, apre ou resevwa dènye peman ki montre diskriminasyon an; aksyon devan tribunal yo dwe depoze anvan dezan pase, apre ou resevwa dènye peman ki montre diskriminasyon an.
- 5 Lwa sou Egalite Peman an defann yon patwon fè vanjans kont ou paske ou mande yon kòlèg enfòmasyon sou salè li, oubyen paske ou pale oswa kominike enfòmasyon konsa avèk yon kòlèg, yon avoka, oubyen yon ajans gouvènman. Patwon ou pa gen dwa fè vanjans kont ou nonplis paske ou reklame, oubyen eseye raklame nenpòt dwa ou genyen dapre Lwa kont Diskriminasyon an.

Pou aprann plis oswa depoze yon plent, ale sou NJCivilRights.gov oswa rele **973-648-2700**



NJ Office of the Attorney General

DIVISION ON
CIVIL RIGHTS

NJCivilRights.gov

1.14.20